# IBRAYIM YUSUPOV POEZIYASINDA JANLANDIRIWLAR

**Sipatdinova Qumar**
**Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti studenti.**
https://doi.org/10.5281/zenodo.20505255

**Anotaciya.** Bul maqalada belgili shayır Ibrayım Yusupov poeziyasında qollanılǵan janlandırıwlardıń qollanıw ózgesheligi, kórkemlew quralınıń mazmunǵa tásiri haqqında aytıladı.
**Gilt sózler.** Janlandırıwlar, kórkemlew quralları, prozopopeya, oliсetvorenie.

## В ПОЭЗИИ ИБРАИМА ЮСУПОВА ШИРОКО ИСПОЛЬЗУЮТСЯ ОЛИЦЕТВОРЕНИЯ

**Аннотация.** В данной статье рассматриваются особенности использования олицетворений в поэзии известного поэта Ибраима Юсупова, а также влияние художественного средства на содержание произведения.
**Ключевые слова:** олицетворение, художественные средства, прозопопея

## PERSONIFICATION IS WIDELY USED IN THE POETRY OF IBRAYIM YUSUPOV

**Abstract.** This article discusses the peculiarities of the use of personification in the poetry of the famous poet Ibrayim Yusupov and the influence of this stylistic device on the content of literary works.
**Keywords:** personification, stylistic devices, prosopopoeia.

Janlandırıw. Metaforanıń bir kórinisi. Janlandırıw adamlarǵa tán bolǵan qásiyetlerdi jansız predmetler, tábiyat hádiyseleri, haywanat ya quslarǵa kóshiriw arqalı payda bolatuǵın súwre tlew quralı. Orıs ádebiyattanıw iliminde prozopopeya. geyde oliсetvorenie, ózbek, túrkmen hám qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminde janlandırıw dep júritiledi. Prozopopeya grek tilinen "kelbet jasayman" degen mánini bildiredi. Túrkmen ádebiyatshısı A.Garrıev "jansız predmetlerdi, tábiyattı janlı e tip kórsetiw usılı" dep anıqlama beredi. "Janlandırıw –súwretlew obektin bórttirip, ayqın hám rawshan sáwlelendiriwge imkaniyat beredi", –dep jazadı T.Boboev. [1]

Bunday janlandırıw hám de prozopeyalar belgili shayırımız bolǵan Ibrayım Yusupov poeziyasında belgili orındı iyeleydi. Sebebi shayırlarda sahnada oynap atırǵan aktyorlar uqsap hár bir nárseniń obrazına kire aladı, yamasa tábiyatta qanday da bir quslardan bolsın, tábiyat hádiyselerinen de ilham alıp, onıń halatına túse alıw

Múmkin. Mısalı ushın;

1. Shaytan házir kompyuterge otırıp,

Adamlardan sumlıq úyrenip atar. Bul shayırdıń «Jańa ásirge» qosıǵınan úzindi bolıp, onda shaytan degen diniy túsinikti, yaǵnıy insanlardıń kózine kórinbeytuǵın, qandayda bir nárseni shayır janlı etip súwretlegen. Bunda jańa ásir baslanǵanlı beri adamlardıń bereketsizligin, olardıń is-háreketleri shaytandikinen de asatuǵınlıǵın, kerek bolsa oǵan úyretip te jiberedi,- dep aytpaqshı boladı.

2. Humay dáwlet qusı jazıp qanatın,

Ushtı el ústine sayasın saldı. (I.Y)

Bul qosıq qatarları shayırdıń «Prezident» qosıǵınan úzindi bolıp, onda humay qusı, yaǵnıy ápsanalardaǵı baylıq, baxıt alıp keletuǵın qustı, janlandırıp kelgenin kórsek boladı. Bunda shayır sol baxıt qusı elimiz basına kelip qondı demekshi boladı.

3. Bazı bir qopallar jánjelleskende,

Eshek ekenseń dep sóger bir-birin,
Bul sógisti jańa esitip júrmen be,
Oǵan selt etpeydi qulaǵım meniń.

Bul shayırdıń «Eshektiń shikayatı» qosıǵınan úzindi bolıp, onda tili joq janlı nárselerge, yaǵnıy haywanǵa til berip, onı sóyletedi. Eshektiń sol shaǵımı arqalı jámiyettegi insanlardıń minezin, olardıń ersi qılıqların sonıń menen birge oylaw dárejesinde ashıp bermekshi boladı. Bunnan kórinip turǵanda janlandırıwlar arqalı lirik qaharman insanlarǵa qaray didaktikalıq yamasa filosofiyalıq pikirler taslawı múmkin, qanday da bir insannıń obrazın ashıp beriwide múmkin eken.

4. Gúńirenip nege jılaysań,
Tiliń bolsa sóyle, duwtar!

Bul onıń «Berdaqtıń duwtarı» qosıǵınan úzindi bolıp, onda Berdaqtan qalǵan duwtarǵa jan endirmekshi boladı. Bul jansız zatalrdı janı barday etip súwretlew bolıp, janlandırıwdıń birinshi túrine kiredi. Bunda shayır duwtarǵa nege jılaysań, tiliń bolsa sóyle dep ritorikalıq soraw qoyadı.

5. Jerde jatqan júrek ayttı: «Abayla»
Awırmadı ma hesh jeriń, qulınım.

Bul qosıq shayırdıń Ana júregi qosıǵınan alınǵan bolıp, jansız bolǵan, adamnıń bir organı bolǵan júrekke jan berip, onı sóyletedi. Bul arqalı shayır ananıń qanday da jaǵday bolsın, balasınıń isi durıs yáki nadurıslıǵına qaramay oǵan, janınıń ashıytuǵınlıǵın aytpaqshı boladı. Bul janlandırıw arqalı qanshama oqıwshılardı oylandırıwǵa, ananı húrmetlewge, qádirine jetiwge sebepshi boldı desek qátelespegen bolamız.

Juwmaqlap aytqanda janlandırıwlar Ibrayım Yusupov poeziyasınıń baslı ózgeshelikleriniń biri desek qátelespegen bolamız. Bunday kórkemlew quralları shıǵarmanıń kórkemlik tásirsheńliginiń sonıń menen birge onıń qunlılıǵın arttırıwǵa óz úlesin qosadı. Sebebi qurı bos sózde, heshqanday máni, ótkir pikir bolmaǵan shıǵarmalardıń heshkimge keregi joq. Onı oqıwdan oqıwshıda jalıǵadı, al usınday kórkem pikir bar, shıǵarmalardıń qunı waqıt ótsede óz qunın joytpaydı.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Ádebiyatta kórkemlew quralları páninen Lekciya tekstleri, Nukus,
2. Юсупов И. Өмир, саған ашықпан...- Нөкис, Қарақалпақстан, 1999.
3. Юсупов И. Таңламалы шығармалары уш томлық II том, -Нөкис, Билим, 2018.
4. Юсупов И. Шығармаларының еки томлығы, -Нөкис, Қарақалпақстан, 1979